



PLANIFIKASYON ALAVANS POU PARAN KI PA SITWAYEN

Avètisman: Se Inite Lwa Imigrasyon nan Sosyete Èd Legal (Legal Aid Society) ki te kreye bilten enfòmasyon sa a. Bilten enfòmasyon sa a se pa konsèy legal, ni li pa la pou ranplase konsèy yon ekspè nan imigrasyon.

Si ou se paran yon timoun minè, ou pa yon sitwayen ameriken, epi ou kwè ou ta ka nan risk pou yo ekspilse w (depòte) nan Etazini nan tan k ap vini yo, gen sèten mezi ou ka pran kounye a pou planifye pou swen ak lagad timoun ou an.

Kontak Ka dijans pou Lekòl

Si timoun ou an enskri nan lekòl, ou ka nonmen jiska twa moun ke lekòl la kapab kontakte si gen yon ijans oswa si timoun ou an malad. Ajoute yo nan "Kat Ble" timoun ou an nan lekòl la.

- Kat Ble, Depatman Edikasyon Vil New York <http://bit.ly/2p1GOXd>

Paspò

Sèvi ak fòm sa a pou mande yon paspò ameriken pou timoun ou an, si li se yon sitwayen ameriken. Si li poko gen 18 tan, lòt paran an pral oblije bay konsantman li, oswa ou dwe eksplike poukisa ou pa ka jwenn pèmasyon lòt paran an oswa poukisa li pa nesèsè.

- Fòm DS-11, Aplikasyon pou Paspò Ameriken <http://bit.ly/2oUTa3A>
- Fòm DS-3053, Konsantman Lòt Paran an <http://bit.ly/2nAUNmY>

Si timoun ou an pa yon sitwayen ameriken, mande konsila etranje ki apwopriye a machaswiv sou fason pou jwenn yon paspò pou timoun ou an.

Pèmasyon pou Vwayaj

Si ou ta renmen otorize timoun minè ou an vwayaje aletranje poukont li, oswa si ou ta renmen yon moun akonpaye timoun minè ou an nan yon vwayaj aletranje, siyen otorizasyon sa a (chak paran dwe siyen yonn, oswa ou dwe eksplike poukisa ou pa ka jwenn pèmasyon lòt paran an oswa poukisa li pa nesèsè). Otorizasyon an dwe siyen devan yon notè piblik. Timoun ou an dwe vwayaje avèk batistè orijinal ak paspò li, ansanm ak kopi dokiman yo ki mansyonnen sou fòm Pèmasyon pou Vwayaj la. Epitou, tcheke kondisyon konpayi avyon an pou timoun ki poukont yo.

- Pèmasyon pou Vwayaj <http://bit.ly/2p3HMzt>

Men règleman pou kèk nan konpayi avyon yo pou minè k ap vwayaj poukont yo:

- United Airlines <http://bit.ly/1UZKdw5>
- American Airlines <http://bit.ly/2a2mkWt>
- Delta Airlines <http://bit.ly/1f9erXy> (klike sou "Children traveling alone" [Timoun k ap vwayaje poukont yo])
- Jet Blue <http://bit.ly/2oIh9Sz>
- Aero México <http://bit.ly/2ojXgyv> (klike sou "Children" [Timoun])

Deziyasyon yon moun nan Relasyon kòm Paran

Sèvi ak fòm sa a pou otorize yon moun pran desizyon pou lekòl ak desizyon pou swen sante pou timoun ou an. Siyen li devan yon notè piblik. Ou pa bezwen yon avoka pou sa.

- Deziyasyon yon moun nan Relasyon kòm Paran, ann Anglè <http://bit.ly/2o3HQhH>
- Deziyasyon yon moun nan Relasyon kòm Paran, an Panyòl <http://bit.ly/2nB67iX>

Deziyasyon Ranplasman Lagad Legal

Fòm sa a se pou moun ki gen pwoblèm medikal grav sèlman. Li vin anvigè sèlman si yon doktè sètifye ou vin enkonpetan mantalman; si ou vin fèb anpil fizikman epi ou dakò pou deziyasyon an antre anvigè; oswa si ou mouri. Ou ka depoze li nan Tribinal Fanmi, men sa pa obligatwa.

- Deziyasyon Ranplasman Lagad Legal <http://bit.ly/2oYinKB>

Dwa Mandatè

Sèvi ak fòm sa a pou otorize yon moun okipe tranzaksyon sou pwopriyete ou pou ou. Otorizasyon an dwe siyen devan yon notè piblik. Ou pa bezwen yon avoka pou sa. Dwa mandatè a pa konsène swen oswa lagad timoun dirèkteman, men li rete pito nan zafè pwopriyete sèlman tankou kont labank ou, kontra-lwaye apatman, zafè asirans, bòdwo swen sante, etsetera.

- Dwa Mandatè <http://bit.ly/2p3CRyw>

Petisyon nan Tribinal pou Lagad Legal oswa pou Lagad

Tribinal Fanmi oswa Tribinal Siksesyon ak Titèl kapab bay lòd konsènan lagad legal ofisyèl oswa lagad pou timoun ou an. **AVÈTISMAN:** Malgre lè gen yon lòd pou lagad legal oswa lòd pou lagad sa kapab itil anpil pou tabli dwa yon moun konsènan timoun ou, gen anpil risk lè w ale nan tribinal pou jwenn lagad, lagad legal, oswa ranplasman lagad legal:

- Anjeneral lòt paran an dwe enfòmè sou kalite pwosedi legal sa yo.
- Lòt paran an ka rele imigrasyon pou yo vini nan tribinal la lè ou pral la! Sa danjere espesyalman si ou deja gen yon lòd final pou ekspilasyon (depòtasyon).
- Lòt paran an ka reparèt apre li te absan nan lavi timoun ou an, epi depoze pwòp petisyon pa li konsènan timoun ou an.
- Nan yon batay nan tribinal, lòt paran an ap gen pi gwo dwa sou timoun ou an pase moun ou espere ki pral jwenn lagad oswa lagad legal la.
- Depi yon lòd pou lagad fin bay, li kapab difisil anpil pou ale nan tribinal pou chanje lòd la. Kidonk, si ou vle tounen gen lagad la, ou ta pral oblije pwouve yon gwo chanjman nan sikonstans yo nan lavi timoun ou an; e sa kapab difisil pou demontre.
- Gadyen an ka chèche jwenn sipò timoun nan men ou!

Pale ak yon avoka kalifye anvan ou kòmanse nenpòt ki kalite pwosè nan tribinal konsènan timoun ou an.

Si w gen nenpòt kesyon oswa ou bezwen asistans, tanpri rele Liy Dirèk Imigrasyon nou an nan 844-955-3425.